



Delta Dental PPO plus Premier™

Rezime Avantaj Plan Dantè

Pou Gwooup # 1000-2001, 2099

Liberty Healthcare Management, Inc., yon Antrepriz nan Kawolin Di Nò Plan Amelyore

Ou dwe li Rezime Avantaj Plan Dantè sa a ansanm ak Sètifikasi w la. Sètifikasi w la bay plis enfòmasyon sou plan Delta Dental ou a, sa ki gen ladan enfòmasyon sou esklizon ak limit plan yo. Si yon deklarasyon ki nan Rezime sa a an dezakò ak yon deklarasyon ki nan Sètifikasi a, deklarasyon ki nan Rezime sa a aplikab pou ou epi ou dwe inyore deklarasyon ki an dezakò a ki nan Sètifikasi a. Pousantaj ki anba yo aplike nan Frè Maksimòm Delta Dental Apwouve pou chak sèvis epi li ka varye akoz patisipasyon rezo Dantis la.*

Plan Kontwòl – Delta Dental of North Carolina

Ane Avantaj - 1ye avril jiska 31 mas

Sèvis ki Kouvri -

| Delta Dental PPO™ Dentist | Delta Dental Premier® Dentist | Dantis ki pa patisipe |
|------------------------------|----------------------------------|-----------------------|
| Plan an Peye | Plan an Peye | Plan an Peye* |

Dyagnostik ak Prevansyon

| | | | |
|---|------|------|------|
| Sèvis dyagnostik ak prevansyon – egzamen, netwayaj, fliyò, ak antretyen espas | 100% | 100% | 100% |
| Tretman Palyatif an Ijans - pou soulaje doulè pou yon ti tan | 100% | 100% | 100% |
| Selan – pou anpeche kari nan dan yon fason pèmanan | 100% | 100% | 100% |
| Biyopsi ak Pens - pou detekte kansè nan bouch | 100% | 100% | 100% |
| Radyografi - Reyon X | 100% | 100% | 100% |

Sèvis Debaz

| | | | |
|---|-----|-----|-----|
| Sèvis restorasyon ki pa grav – plonbaj ak reparasyon kouwòn dantè | 80% | 80% | 80% |
| Sèvis Andodonsi - tretman kanal radikilè | 80% | 80% | 80% |
| Sèvis pawodonsi - pou trete maladi jansiv | 80% | 80% | 80% |
| Sèvis Operasyon nan Bouch – rache dan ak operasyon dantè | 80% | 80% | 80% |
| Lòt Sèvis Bazik – divès lòt sèvis | 80% | 80% | 80% |

Gwo Sèvis

| | | | |
|---|-----|-----|-----|
| Pwoteksyon/Ajisteman pati pou mastikasyon nan dan an - pwoteje dan yo epi fè aranjman nan pati pou mastikasyon an | 50% | 50% | 50% |
| Gwo Sèvis Restorasyon – kouwòn dantè | 50% | 50% | 50% |
| Aranjman ak Reparasyon - dantye, aprarèy pou ranplase dan ak fo dan | 50% | 50% | 50% |
| Sèvis Pwostodonsi - dantye, aparèy pou ranplase dan ak kouwòn sou dan | 50% | 50% | 50% |

Sèvis Òtodonsi

| | | | |
|-----------------------------|---|---|---|
| Sèvis Òtodonsi– sèk nan dan | 50% | 50% | 50% |
| Limit Laj pou Òtodonsi - | Timoun ki depandan jiska 18 lane ak mwens | Timoun ki depandan jiska 18 lane ak mwens | Timoun ki depandan jiska 18 lane ak mwens |

* Lè w resevwa sèvis nan men yon Dantis ki pa patisipan, pousantaj ki nan kolòn sa a endike pòsyon Frè Dantis ki pa patisipe nan Delta Dental lan ap touche pou sèvis sa yo. Frè Dantis ki pa patisipe a ka mwens pase sa dantis ou a touche, sa vle di ou ap responsab pou peye rès la.

Ou ka jwenn eksplikasyon ak egzanp sou fason yo kalkile bòdwo sèvis sa yo nan Seksyon VI la— Kijan yo Fè Pèman yo nan Sètifikasi w la.

- Yo peye egzamen bouch (sa ki gen ladan evalyasyon lakay yon espesyalis) yo de fwa nan yon ane avantaj. Yo peye depistaj ak evalyasyon yon pasyan de fwa nan yon ane avantaj.
- Yo peye pwofilaksi (netwayaj) yo de fwa nan yon ane avantaj. Yo peye de lòt pwofilaksi (netwayaj) nan yon ane avantaj pou moun ki gen yon antedesan dokimante sou maladi pawodontal.
- Moun ki gen pwoblèm sante espesifik ki gen risk yo ka kalifye pou plis pwofilaksi (netwayaj) oswa tretman fliyò. Pasyan an ta dwe pale ak Dantis li a sou tretman an.
- Yo peye tretman fliyò yo yon fwa chak ane avantaj pou moun ki gen 18 lane oswa mwens.
- Antretyen espas yo se sèvis ki kouvri san limit pou moun ki gen 18 lane ak mwens.
- Yo peye Radyografi Dan yo yon fwa chak ane avantaj ak radyografi nan bouch konplè (ki gen ladan radyografi dan) oswa yo peye yon panografi yon fwa chak twa lane.
- Yo peye selan yo yon fwa chak twa lane pou premye ak dezyèm molè pèmanan yo pou moun ki gen 15 lane ak mwens. Dan an pa dwe gen okenn kari ak reparasyon.
- Yo peye fasèt dantè sou ensisiv ak kanin yo yon fwa pou chak dan chak senk lane lè sa nesesè akoz yon frakti oswa kari. Fasèt dantè yo mete pou rezon estetik pa kouvri.
- Yo peye restorasyon konpoze (blan) pou tout dan, sa ki gen ladan dan dèyè yo.
- Fasèt an pòslèn ak rezin sou kouwòn yo se tretman opsyonèl sou dan dèyè yo.
- Yo peye fo dan konplè ak pasyèl yo yon fwa chak senk lane. Yo peye ajisteman pwotèz dan ak ranplasman pwotèz dan yon fwa chak de lane. Yo peye tretman reparasyon tisi yo yon fwa chak 12 mwa.
- Yo peye enplantasyon yon fwa pou chak dan chak senk lane. Sèvis ki gen rapò ak enplantasyon yo se sèvis ki kouvri.
- Yo peye kouwòn sou enplantasyon yo yon fwa pou chak dan chak senk lane. Sèvis ki lye ak kouwòn sou enplantasyon ak sèvis ki gen rapò ak yo se sèvis ki kouvri.
- Yo peye pwotèz dan oklizal yo yon fwa chak senk lane. Piki antibiotik yo se sèvis ki kouvri.
- Moun ki gen bezwen swen sante espesyal yo ka elijib pou lòt sèvis, tankou egzamen, vizit ijyèn, jesyon ka dantè, ak tretman fliyò dyamin ajan. Bezwen swen sante espesyal yo gen ladan nenpòt pwoblèm fizik, devlopmantal, mantal, sansoryèl, konpòtmantal, koyitif, oswa emosyonèl oswa kondisyon limite ki mande jesyon medikal, entèvansyon swen sante, ak/oswa itilizasyon sèvis oswa pwogram espesyalize. Maladi a ka konjenital, devlopmantal oswa ou ka atrape li gras ak yon maladi, twomatis, oswa kòz anviwònmantal epi li ka enpoze limit nan fè aktivite oto-antretyen chak jou oswa limit sibstansyèl.

Passport Dental

Lè w gen kouvèti Delta Dental, li fasil pou w jwenn swen dantè prèske tout kote nan mond lan! Kounye a ou ka resevwa swen dantè espesyalize lè w pa nan peyi Etazini gras ak pwogram Passport Dental nou an. Pwogram sa a ba ou aksè ak yon rezo Dantis ak klinik dantè ki nan tout mond lan. Gen operatè ki pale anglè ki disponib 24 sou 24 pou reponn kesyon epi ede w pran randevou pou swen. Pou plis enfòmasyon, ale sou sit wèb nou an oswa kontakte reprezantan avantaj ou yo pou jwenn yon kopi fich enfòmasyon Passport Dental nou an.

Pèman maksimòm – yon total \$2,000 pou chak manm chak ane avantaj pou tout sèvis yo, eksepte sèvis dyagnostik ak preventif, tretman palyatif an ijans, radyografi, biopsi ak pens, selan, lòt fim/imaj espesifik, moulaj dyagnostik, ak sèvis òtodonsi. yon total \$2,000 pou chak manm pou sèvis òtodonsi yo.

Pèman pou Sèvis Òtodonsi – Lè tretman Òtodonsi a kòmanse, Dantis ou a ap bay Delta Dental yon plan pèman ki baze sou pri tretman ou prevwa a. Daprè plan pèman yo te dakò a, Delta Dental ap bay ou menm oswa Dantis k ap Patisipe a yon premye pèman ki egal ak Kopèman deklare Delta Dental la sou 30% Pèman Maksimòm pou Sèvis Òtodonsi jan sa endike nan Rezime Avantaj Plan Dantè sa a. Delta Dental ap fè pèman adisyonèl nan fason sa a: Delta Dental ap peye 50% frè mansyèl Dantis ou a touche daprè plan pèman Delta Dental te dakò bay Dantis ou a.

Dediktib – Yon total \$50 Dediktib pou chak manm chak ane avantaj nan limit yon maksimòm Dediktib \$150 pou chak fanmi chak ane avantaj. Dediktib la pa aplikab pou sèvis dyagnostik ak sèvis preventif, sèvis tretman palyatif an ijans, biopsi ak pens, radyografi, selan, plat dyagnostik ak sèvis òtodonsi.

Peryòd Atant – Moun ki enskri ki elijib pou Avantaj yo kouvri sou premye jou nan mwa ki vin aprè 30 jou travay.

Moun ki elijib – Jan Liberty Healthcare Management, Inc. defini l lan, Moun ki enskri a peye tout pri plan sa a.

Konjwen ou ak Pitit ou yo elijib tou jiska fen mwa yo vin gen 26 lane a, sa ki gen ladan pitit ou ki marye, ki p ap viv ak ou ankò, ki pa depann de ou pou rezon taks federal sou revni, ak/oswa ki pa andikape pou toutan.

Moun ki enskri ak moun ki depann de ou ki chwazi nenpòt nan plan dantè yo oblige rete enskri pandan 12 mwa. Si yon moun ki enskri oswa yon moun ki depann de ou chwazi abandone pwoteksyon dantè a aprè peryòd sa a, li pa ka re-enskri anvan dat 12 mwa

a ap fin pase a. Depandan yo ka enskri sèlman si moun ki nan plan an enskri (eksepte daprè COBRA) epi yo dwe enskri nan menm plan ak moun ki enskri a. Yon chwa ka anile oswa chanje nenpòt lè si chanjman an ap fèt akoz yon evènman ki kalifye jan sa defini nan Seksyon 125 Kòd Revni Entèn nan.

Kowòdinasyon Avantaj – Si ou menm ak Konjwen ou, nou toude kalifye pou enskri nan Plan sa a, nou ka enskri ansanm nan yon menm aplikasyon oswa nou ka enskri apa nan aplikasyon endividyle, men se pa nou toude. Timoun Depandan ou yo ka enskri sèlman nan yon aplikasyon. Delta Dental p ap kowòdone Avantaj yo ant kouvèti w la ak pa Konjwen w lan si ni ou menm ni Konjwen w lan kouvri kòm moun ki Enskri nan Plan sa a.

Avantaj yo ap kanpe sou dènye jou nan mwa aprè ou kite travay la.

Nimewo gratis Sèvis Kliyantèl la: 800-662-8856 (utilizatè TTY yo rele 711)

<https://www.DeltaDentalINC.com>

25 mas 2025